

# Covid-19 ÈD ak Resous



Bowdoin Street  
Health Center



## Sèvis Vil La Ofri ak Eta-A

### BOS311 – Boston COVID-19 Mizajou ak Èd

- Rele **3-1-1** 24/7 pou enfòmasyon sou sante, manje ak sekirite.
- Tekste **BOSCOVID** nan **99411** pou anrejistre pou ka jwenn dènye enfòmasyon sou COVID-19.

### Liy Sante Majistra Boston

617-534-5050 (*Anglè, Panyòl, Cape Verdean, Potigèz, Kreyòl Ayisyen, Vyetnamiyen ak anpil lot lang*)

Rele pou ka jwenn èd pou sante, pou swen timoun, pou manje, ak konsèy legal.



## Fon D' Èd

### Fon sekou dijans pou travayè Massachusetts yo

[bit.ly/MassWorkerReliefFunds](http://bit.ly/MassWorkerReliefFunds)

Kelkeswa stati imigrasyon-w, men enfòmasyon kote ou ka aplike pou jwenn fon d'èd.

*Panyòl:* [bit.ly/FondosdeApoyoTrabajadoresdeMA](http://bit.ly/FondosdeApoyoTrabajadoresdeMA)

*Kreyòl Ayisyen:* [bit.ly/SoulajmanFonljanspouMA](http://bit.ly/SoulajmanFonljanspouMA)

*Pòtigèz:* [bit.ly/FundosdeEmergenciaPortuges](http://bit.ly/FundosdeEmergenciaPortuges)

### Inite Asistans Sèvis Sosyal pou Vil Boston

617-603-1806 (*Anglè ak Panyòl*)

Èd pou si ou pèdi travay w oubyen si w paka travay akòz de COVID-19.

### Liy Dirèk Biwo Pwokirè Jeneral-la nan Divizyon Travay San Patipri

617-727-3465 (*Anglè, Panyòl, Pòtigèz*)

Rele si bòs travay la pa byen tretew. Louvri depi lendi jiska vandredi de 10 zè di maten jiska 4 è nan aprèmidi.



## Èd Pou Lojman

### City Life/Vida Urbana

617-934-5006 (*Angle*) | 617-397-3773 (*Espanyol*)  
[www.clvu.org](http://www.clvu.org)

Èd disponib si ou pè pou yo pa metew deyò.

### Asosyasyon Cape Verdean nan Boston

617-506-8150 | Email: [info@cvcunido.org](mailto:info@cvcunido.org)

Èd pou jwenn pou jwen manje ak lojman.

### Biwo Majistra Boston-an pou Lojman san Tèt Chaje

617-635-4200 | Email: [housingstability@boston.gov](mailto:housingstability@boston.gov)

Èd pou jwenn kay ak sekirite san tèt chaje.

### MA Emergency Housing Assistance

866-584-0653 (*Anglè ak Panyòl*)

Aplike pou abri dijans pou fanmi.



## Èd Pou Manje

### Project Bread

1-800-645-8333

(*Pou moun ki soud ak moun ki difisil pou tande:*  
1-800-377-1292)

Chèche jwen enfòmasyon sou foudpenntwi ki pi pre lakay ou epi jwenn èd pou aplike pou SNAP (foud stenp) lendi rive nan vandredi de 8è dimaten jiska 7è diswa epi tou samdi 10zè jiska 2zè nan aprèmidi.

### Biwo Majistra pou Aksè Manje

617-635 3717 | [bostonpublicschools.org/freemeals](http://bostonpublicschools.org/freemeals)

Dejene ak dine gratis pou tout timoun nan Boston lendi rive vandredi de 8:30-11:30 di maten. Ale sou sit entènèt yo ba-w a pou ka jwenn plis enfòmasyon.

### Catholic Charities Sant Yawkey

617-506-6600 | 185 Columbia Road, Dorchester

Foudpenntwi-a louvri de lendi jiska vandredi 9è di maten rive 3zè nan aprèmidi.

### ABCD Roxbury/North Dorchester

617-442 -5900 | 565 Warren Street, Roxbury

Rele pou yo ka mete nonw nan lis pou jwenn manje. Louvri lendi rive mekredi 10zè maten pou midi epitou chak dezyèm ak katriyèm jedi soti 10zè nan maten rive midi.



## Sekirite ak Swen Sante

### Sant Sante Bowdoin Street

617-754-0100

Swen sante, vizit telefònik.

### Sekirite | Casa Myrna/ SafeLink

1-877-785-2020

Rele pou èd nenpòt ki lè si w santi w pa an sekirite nan kay la.

### Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Massachusetts (DCF)

617-748-2000

Rele si w ap enkyete w pou timoun ki pa an sekirite nan kay yo.

### Ekip Sèvis Dijans Nan Boston (BEST)

1-800-981-4357

Rele pou ijans sante mantal. Louvri 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

### Komisyon Sèvis Rekiperasyon Sante Piblik Boston

3-1-1 oswa 617-635-4500

Rele nenpòt ki lè pou jwenn èd pou moun ki gen pwoblèm abi/adiksyon.

# Covid-19 ÈD ak Resous



**Bowdoin Street  
Health Center**



## Èd Legal

### **Biwo Majistra Boston pou Avansman Imigran**

617-635-2980

Èd pou pwoblèm imigrasyon nan plizyè lang,  
tankou Cape Verdean, Panyòl, ak Vyetnamyen.



## Lòt Èd

### **Elektrisite ak Gaz**

#### **Eversource**

1-800-592-2000

*(Pou moun ki soud oubyen moun ki difisil pou  
tande: 1-800-322-8242)*

#### **National Grid**

1-800-233-5325

Ou pa oblije peye elektrik ak gaz si w pa kapab  
pandan kriz COVID-19 nan. Rele konpayi sèvis w a  
pou èd (w ka jwenn nimewo telefòn konpayi an sou  
dènye bòdwo a).

### **Djòb | MassHire**

[masshiredowntownboston.org/hiringduringcovid-19/](https://masshiredowntownboston.org/hiringduringcovid-19/)

Vizite sit entènèt sa-a pou wè yon lis anplwayè kap  
anboche pandan kriz COVID-19 nan.